

*Lè nou lopital osnon ak moun malad
yo, pran tan nou:*

- *Pran tan nou pou reflechi...se
sous pouvwa.*
- *Pran tan pou souri...se sekrè
jenès ki pap jan m fini a.*
- *Pran tan pou li... se fontèn
lasajès.*
- *Pran tan pou nou lapriyè....se pi
gwo pouvwa sou tè a.*
- *Pran tan pou nou fè zanmi....se
chimen kè kontan.*
- *Pran tan pou ri....se mizik nan m
nou.*
- *Pran tan pou nou bay...lavi a
twò kout pou nou egoyis.*
- *Prab tab pou nou renmen....se
kle paradi a.*


**Bondye voye m sèvi l temwen,
Bondye voye m pou m pale pawòl li,
Men se li menm k ap pale ak bouch mwen**

1. Bondye voye m pou mwen chante tout
mèwèy li kreye. Bondye voye mwen
pou m fè lwanj pou li.
2. Bondye voye m mwen renmen tout
moun ki sou tè a. Bondye voye mwen
di yo nou tout se frè.
3. Bondye voye m pou mwen mache fè
tout moun konnen li.
4. Bondye voye m pou mwen leve moun
ki tonbe nan rout. Bondye voye mwen
montre youn ede lòt.
5. Bondye voye m pou m konsole tout
moun ki nan lapenn. Bondye voye
mwen preche yo kè kontan.
6. Bondye voye m pou m rakonte tou sa
li fè pou mwen. Bondye voye m
anonse Jezi Sovè.

**N ap di w mèsi! Mèsi Bondye, ou bon!
Ou ki renmen nou san w pa janm
bouke! N ap di w mèsi! Mèsi Bondye, ou
bon! Ou ki renmen nou pou tout tan!**

1. Mèsi Granmèt ou k bon, ou ki renmen
nou san w pa janm bouke.
Ou menm ki sèl Bondye, ou ki renmen
nou san w pa janm bouke.
Ou Men ki chèk tout chèf, ou ki renmen
nou san w pa janm bouke. **R.**

Lapriyè pou Kase Pen an



Rev. Guy Sansaricq

Auxiliary Bishop Diocese of Brooklyn

Pou minis ekstròdinè Lakominyon
k ap pote
Kò Jezi pou malad osnon moun deyò
legliz la.

Aprè nou fini di malad la bonjou

Se pou favè Jezi Kri, Granmèt la, renmen Bondye Papa, ak tèt ansanm Lespri Sen an desann sou ou ak sou tout moun ki nan kay sa a.

R. : Lwanj pou Bondye. Amen.

* * *

Devan Bondye ki gen tout pouvwa, devan nou menm tou, frè m ak sè m yo, Mwen rekonèt mwen fè anpil peche, Nan sa mwen panse, nan sa mwen di, Nan sa mwen fè. Mwen rekonèt tou mwen pa fè sa pou m te fè. Tout sa, se fòt mwen, se pou sa mwen mande Mari ki sen e ki toujout rete vyèj, tout Zanmi Bondye ki nan syèl, epi nou menm tou, frè m ak sè m yo, lapriyè Bondye, Granmèt nou an pou mwen. Amen

* * *

Se ou ki sen, se ou ki sen o, se ou ki sen tout bon!

Bondye se ou ki Granmèt tou sa ki nan syèl la.

Bèlte ou plen syèl la ak tè a.

Bravo pou sila a k ap vini o non Granmèt la!

Viv Bondye nan syèl la.

* * *

Jezi leve, li leve byen vivan, li pap mouri ankò, syèl la louvri, alelouya !

An nou lapriyè

Bondye, Papa nou, ou toujou vin devan, mache sou nou, anvan menm nou louvri bouch nou pou nou lapriyè ou. Tanpri, fè kò ak san Kris la, frè n (osnon sè n) lan sòt resevwa, tounen yon sous kè kontan ak kè poze pou li jodi a. Nou mande ou tou pou l jwenn gerizon nan kò li, nan nanm li ak nan lespri l. Nou fè priyè sa onon Jezi pitit ou, Gran frè nou. Amen.

Moso labib dimanch osnon sila a :

Moun ki manje kò mwen, ki bwè san mwen, li gen lavi ki pap janm fini an. Mwen gen pou m fè l leve soti vivan nan lanmò nan dènye jou a. Paske kò m, se yon manje tout bon, san mwen, se yon bwason tout bon. Moun ki manje kò m, ki bwè san m, l ap fè youn avè m, epi m ap fè youn avè l tou. Papa ki voye m lan, li vivan. Se li menm ki ban m lavi. Men pen ki desann soti nan syèl la. Li pa tankou pen zansèt nou yo te manje a ; manje pen sa a ap viv pou tout tan. Jezi te di pawòl sa yo etan l te nan sinagòg Kapènaòm lan, ap aprann moun yo anpil bagay. (Jan 6 :54-59)

Resite ou chante Papa nou

(kenbe men malad si li posib)

Papa nou ki nan syèl la, se pou yo respekte non ou, se pou yo rekonèt se ou ki wa. Se pou volonte w fèt sou tè a tankou nan syèl la. Pen nou bezwen chak jou a ban nou li jodi a. Padonnen sa nou fè ou, tankou nou padonnen moun ki fè nou kichòy. Pa kite

nou pran nan pyèj, men delivre nou ak sa ki mal. Paske se ou sèl ki wa, se ou menm sèl ki merite konpliman pou tout tan.

* * *

Lapriyè

Lan manje sa a, kote se Jezi nou resevwa, nou sonje li te souffri afòt li te renmen n, poutèt sa tou, favè Bondye anvayi kè nou, e nou rantre pi fon nan lavi ki pap janm fini a.

* * *

Granmèt, mwen pa merite ou antre lakay mwen, men di yon sèl ti pawòl, e nanm mwen va geri.

Bay malad la kominyon

(sonje gen moun se pou yo gen dlo pou yo ka vale losti a.) [Nou ta gen dwa chante yon kantik lwanj pou Bondye osnon MOUN KI MANJE LAN PEN SA A.]

Envite malad la lapriyè ak pwòp pawòl li

Priyè espesyal (fè yon priyè ou panse ki ale byen ak ka malad la.)

Benediksyon ak Pix

Se pou Bondye Papa beni w

Se pou Bondye Pitit la geri w

Se pou Bondye Lespri Sen ba w limyè l.

Amen

Chante yon lòt kantik (lwanj osnon espwa).